



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ATRIBISYON APEPRÈ 3.5 MILYON DOLA POU DEVLOPE PWOGRAM TRETMAN ENTEGRE POU PASYAN EKSTÈN

Finansman an pral pèmèt founisè yo entegre sèvis Pwogram Tretman Opyoyid ak Pwogram pou Pasyan Ekstèn pou founi tretman konplè pou adiksyon.

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon 3,446,865 dola pou 14 founisè tretman adiksyon nan tout Eta New York, sa ki pral pèmèt yo devlope Pwogram Tretman Entegre Konplè pou Pasyan Ekstèn yo. Pwogram sa yo pral rann li pi fasil pou Nouyòkè k ap chèche tretman pou toksikomani pou yo jwenn aksè nan plizyè sèvis nan yon sèl kote.

"Asire aksè nan tretman nesèsè pou adiksyon se yon objektif enpòtan, kontinyèl nan administrasyon mwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Adiksyon se yon maladi ki ka afekte nenpòt moun, kèlkeswa orijin li. Li enpòtan anpil pou nou kontinye travay nou pou sipòte pwogram konplè yo ki elaji aksè nan swen ak resous pou Nouyòkè yo ak fanmi yo ki plis bezwen li".

Pwogram Tretman Entegre Konplè pou Pasyan Ekstèn yo se yon nouvo inisyativ ki fèt pou abòde bezwen kontinyèl pou tretman konplè nan Eta New York. Finansman te disponib pou founisè yo pou swa konbine OTP (Pwogram Tretman Opyoyid) ki deja egziste ak pwogram pou pasyan ekstèn oswa pou devlope nouvo pwogram pou bay sèvis entegre.

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Apwòch konplè nouvo enstalasyon sa yo ofri pral ede rezoud kèk nan obstak moun ka rankontre lè y ap chèche tretman. Pwogram sa yo pral elaji aksè nan tretman adiksyon enpòtan, ki sove lavi epi mete plizyè sèvis ansanm anba yon sèl twa pou ede moun yo pi byen konekte ak sipò ak resous yo bezwen".

Founisè yo ka itilize finansman sa a pou plizyè rezon, tankou renovasyon bilding, nouvo ekipman, fòmasyon pou sipòte sèvis entegre ak salè anplwaye yo. Yo te bay finansman atravè Prim Sibvansyon Federal Global Sipleman tè pou Prevansyon ak Tretman Toksikomani epi se OASAS k ap administre li.

Founisè sa yo pral resevwa finansman pou entegre OTP yo ak pwogram pou pasyan ekstèn yo:

Capital District

- PROMESA Albany - 250,000 dola

NY Santral

- Farnham, Inc. - 250,000 dola

New York City

- Center for Comprehensive Health Practice, Inc. - 250,000 dola

Southern Tier

- Ithaca Alpha House, Cayuga Addiction Recovery Services - 240,880 dola

Western NY

- PROMESA Buffalo - 250,000 dola

Founisè sa yo pral resevwa finansman pou etabli nouvo OTP ak entegre yo avèk pwogram pou pasyan ekstèn aktyèl yo:

Capital District

- New Choices for Recovery - 250,000 dola

Finger Lakes

- Finger Lakes Area Counseling & Recovery Center, Inc (FLACRA) - 250,000 dola
- Genesee Council on Alcoholism & Substance Abuse (GCASA) - 250,000 dola

Long Island

- Outreach Development Corp - 206,000 dola
- Samaritan Daytop Village - 249,985 dola

New York City

- Center for Community Alternatives (Sant Altènativ Kominotè) - 250,000 dola

North Country

- St. Lawrence County Addiction Services (Sèvis Adiksyon Konte St. Lawrence) - 250,000 dola

Southern Tier

- CASA-Trinity, Inc.- 250,000 dola

Western NY

- CASA-Trinity, Inc.- 250,000 dola

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Mwen te kanpe ak espesyalis tretman adiksyon opyoid yo depi Albany rive Long Island, epi mesaj mwen tande anpil fwa sè ke New York nan premye liy yo epi bezwen plis èd. Finansman sa a soti dirèkteman nan fon sekou siplemantè COVID 2021 pou SAMHSA mwen te pèmèt yo adopte nan Sena a epi yo pral ranfòse tretman pwofesyonèl adiksyon pou yo ka asire ke moun yo pa goumen kont toksikomani poukont yo epi yo jwenn swen sante yo bezwen pou retounen sou pye yo", Senatè Schumer te deklare, Nou apèn te genyen plizyè ane rekò konsekitif sou ovèdòz opyoyid ki gen ladan fentanil epi nou dwe aji kounye a pou sove lavi. Se poutèt sa m ap fè presyon pou yon ogmantasyon istorik 3.2 milya dola nan pwogram federal sa yo pou ranfòse efò prevansyon, tretman ak rekiperasyon New York yo, epi m ap kontinye goumen pou bay patnè lokal nou yo tout resous yo bezwen pou konbat epidemi opyoyid la".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Fas a ogmantasyon kantite lanmò pou ovèdòz atravè New York ak nasyon an, nou dwe fè plis pou bay sipò konplè bay moun ak fanmi moun ki gen difikilte ak toksikomani. Mwen fyè pou m dirije efò pou sipòte fanmi ke adiksyon afekte epi mwen ankouraje pou m wè finansman sa a ki pral devlope nouvo pwogram tretman nan tout eta a. Mwen pral kontinye travay pou bay moun ki gen difikilte ak adiksyon yo resous yo bezwen pou yo tounen kanpe sou pye yo".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandan kriz adiksyon nasyon nou an rive nan yon nouvo nivo ki fè pè, ranfòse ak elaji aksè nan tretman yo pi enpòtan ke jamè. Mwen te batay anpil nan Kongrè a pou sekirize finansman federal sa a gras ak Sipleman Sibvansyon Federal Global pou Prevansyon ak Tretman Toksikomani, epi mwen kontinye batay sa a avèk lejislasyon fondamantal tankou Lwa sou Tretman Adiksyon Jeneral mwen an. Mwen rekonesan pou tout moun ke gwo lidèchip yo te ede bay kominote New York nou yo sipò sa ki sove lavi".

Reprezantan Kathleen Rice te deklare, "Toksikomani te afekte twòp moun isit la nan Long Island, anpil nan nou te pèdi zanmi oswa fanmi nan ovèdòz opyoyid apre plizyè ane ap goumen ak maladi a. Finansman sa a pral kreye nouvo pwogram tretman pou pasyan ekstèn nan de etablisman isit la nan Long Island pou ede nou bay sipò ak sèvis kominote nou yo bezwen. Mwen pral kontinye batay pou finansman enpòtan sa a nan Kongrè a epi mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul dèske li repati resous sa yo kote yo pral fè plis byen".

Senatè Peter Harckham te deklare, "Finansman yo anonse pou nouvo pwogram pou pasyan ekstèn ak pwogram ki deja egziste ke founisè tretman pou toksikomani ap jere ap ofri apwòch entegre ak global pou rekiperasyon ki pral sove lavi nan tout eta a. Avèk resous adisyonèl yo, kèk nan obstak pou jwenn aksè nan tretman nan kominote nou yo pral elimine, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman konstan li nan konbat kriz ovèdòz opyoyid la".

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Administrasyon federal la te angaje pou konbat epidemi opyoyid la nan bay eta yo bokou plis finansman pou enstalasyon ki trete toksikomani. Finansman sibvansyon federal global la pou elaji sèvis tretman yo pral ede asire ke patisipan yo nan pwogram yo jwenn sipò nan yon fason ki pral ogmante chans yo pou yon rekiperasyon ki dire tout lavi. Mwen te kontan wè Distri Kapital la te enkli nan seri finansman sa a".

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi ovèdòz la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè nan sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè nou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###